

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Data jeung Sumber Data**

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data nyaéta subjék data-data panalungtikan anu dikumpulkeun ku panalungtik. Ieu panalungtikan merlukeun sumber data pikeun meunangkeun data anu baris ditalungtik. Data dina ieu panalungtikan nyaéta paribasa Sunda jeung Indonésia, nu disusun dumasar harti nu sarua, maksud anu dikandungna, sarta wangun kalimahna, anu dicokot tina sumber data. Éta susunan data téh, nyoko kana ulikan semantik.

Aya dua sumber data dina ngumpulkeun data paribasa. Kahiji, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta paribasa Sunda tina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karangan Budi Rahayu Tamsyah, spk. Ukuran buku 14, 8 cm x 20, 8 cm, kandelna 160 kaca, diterbitkeun di Bandung ku Pustaka Setia. Jumlah babasan jeung paribasa dina éta buku aya 1000, kalayan babasan 801 jeung paribasa 199. Kadua, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta paribasa Indonésia tina buku *Super Lengkap Peribahasa Indonesia*, karangan Ariawan Prasetyo. Ukuran buku 20, 5 cm x 14, 5 cm, kandelna 496 kaca. diterbitkeun di Yogyakarta, ku Cakrawala.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa prosés-prosés anu dibutuhkeun dina ngararancang tur dina prak-prakanana ngalakonan panalungtikan sangkan sagala patalékan bisa kajawab. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 7) ngumpulkeun data, 8) analisis data, 9) nyieun kacindekan sarta nyusun laporan (Arikunto, 2010, kc. 61).



**Bagan 3.2**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salasahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Sakumaha nu ditétélakeun ogé ku Arikunto (2010: 192), yén méthode dihartikeun minangka cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif, sabab objék panalungtikan mangrupa bagian tina peristiwa basa sarta hasil panalungtikan mangrupa wangun tinulis.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif, nyaéta méthode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun hiji masalah aktual waktu lumangsungna panalungtikan. Anu didéséskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta perkara babandingan harti paribasa dina paribasa Sunda jeung Indonésia, sarta wangun frasa dina paribasa Sunda jeung Indonésia.

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nyaéta “Babandingan Harti Paribasa Sunda jeung Indonésia pikeun Bahan ajar Idiom di SMA.” Sangkan leuwih gampang dina nganalisis data, di handap baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- a. Babandingan atawa komparasi nyaéta tehnik analisis dua hal, kaasup unsur basa, boh dina sawaktu (sinkronis) boh dina dua kurun waktu (dikaronis). Dina ieu panalungtikan digunakeun unsur sinkronis, anu satuluyna dipatalikeun kana analisis kontrastif, nyaéta analisis sasaran jeung bédana dua basa dina sawaktu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan unsur anu dibandingkeun téh paribasa Sunda jeung Indonésia, anu disawang tina jihat harti hususna dina konsép sémantis.
- b. Paribasa nyaéta basa pakeman, kalimah anu geus matok sarta ngandung pituah atawa piluangeun.

- c. Ma'na atawa harti paribasa nyaéta maksud anu dikandung ku paribasa, atawa dina harti idiom anu wangunna has tur mandiri, sarta harti nu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa atawa harti, nu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna.
- d. Bahan pangajaran nyaéta matéri au dipaké dina prosés diajar ngajar, boh di jero kelas boh di luar kelas. Bahan pangajaran basa bisa patali jeung pakecapan (kabeungharan kecap), adegan basa, sarta wacana dina kamahéran basa.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké pikeun panalungtikan dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéan bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203).

Instrumén anu dpaké dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data, ku cara méré nomer kode dina data paribasa Sunda jeung Indonésia anu dijadikeun sampel. Anapon format kartu data digambarkeun sepaerti di handap ieu.

Tabél 3.5  
Format Kartu Data Paribasa Sunda jeung Indonesia  
Ditilik tina Jihat Harti

No Urut	No Kode	Paribasa	Harti
1	(001)	Adéan ku kuda beureum (1000 BPS/119)	Ginding ku barang batur atawa ku barang meunang injeuman.
		Bagai umang-umang (SLPI/58)	Bangga dengan barang yang bukan dimilikinya.

Chaerunnisa, 2014

*Babandingan harti paribasa sunda jeung indonesia pikeun bahan ajar idiom di SMA*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5  
Format Kartu Data Paribasa Sunda jeung Indonésia  
Ditilik tina Wangun Kalimah

No	Wangun Kalimah	Paribasa Sunda	%	Paribasa Indonésia	%
1	Salancar Basajan				
2	Salancar Jembar				
3	Ngantét Satata				
4	Ngantét Sumélér				
Jumlah					

Pikeun ngitung préséntase paribasa nu disawang tina wangun kalimah, dipaké rumus kieu:

$$\frac{\text{Jumlah paribasa dumasar wangun kalimah}}{\text{Jumlah daptar paribasa}} \times 100\%$$

Jumlah daptar paribasa

Conto :

Jumlah paribasa anu kaasup kalimah salancar jumlahna aya 52 paribasa, jadi présentasena nyaéta:

$$\frac{52}{100} \times 100\% = 52\%$$

10

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Chaerunnisa, 2014

*Babandingan harti paribasa sunda jeung indonesia pikeun bahan ajar idiom di SMA*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan pustaka (studi bibliografi). Téhnik ulikan pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangaweruh. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat-pakait jeung konsép tioritis katut bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 75)

Aya sababaraha tahap dina prosés ngumpulkeun data nyaéta:

- a. maca buku paribasa Sunda jeung Indonésia;
- b. nangtukeun jeung nyirian paribasa Sunda jeung Indonésia anu hartina sarua, masing-masing dumasar kana wangun kalimahna, sarta masing-masing wangun maksud nu dikandungna, katut larapanana dina bahan ajar idiom di SMA;
- c. nyusun paribasa anu geus dikumpulkeun;
- d. nyalin kana kartu data

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung, ari léngkah-léngkah ngolah datana saperti kieu:

- a. mariksa deui sakabéh data kalimah dumasar kana tanggal kiriman;
- b. méré kode jeung nomer kana kartu data panalungtikan;
- c. nganalisis data dumasar kana: (1) harti paribasa Sunda jeung Indonésia, (2) wangun kalimah dina paribasa Sunda jeung Indonésia (3) wangun paribasa dumasar maksud anu dikandungna (4) larapan babandingan paribasa Sunda jeung Indonésia kana bahan ajar idiom;
- d. ngadéskrpsikeun data nu geus dianalisis; jeung
- e. napsirkeun jeung nyieun kacindekan data.